

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa salilana teu bisa leupas tina sastra, satékah polah ucap raket patalina jeung karya sastra. Karya sastra minangka pakakas komunikasi, pakakas nuluykeun tradisi jeung révitalisasi budaya ogé salaku pangwangun ajén kamanusaan. (Isnendes, 2010, kc.39). Ti bihari ka kiwari geus loba karya sastra anu ngandung rupaning ajén-inajén nu penting pikeun pamacana tanpa ngurangan saeutik ogé unsur kaéndahanana. Ngaliwatan karya sastra, hususna sastra Sunda, jadi salasihiji pakakas nu bisa ngébréhkeun sajeroning ati, ngawakilan réa-réa hal nu kasuat-suat dina haté.

Salasihiji karya sastra anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta novél. Novél kaasup salasihiji karya sastra Sunda wangun prosa rekaan anu caritana ngalalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). (Isnendes, 2010, kc.39). Dina novél Pamanah Rasa, panulis sakitu mundel tur teleb ngahirupkeun caritaanana, kaasup karakteristik unggal tokohna, ogé ngageuing pamaca sangkan asup kana eusi caritana. Salian ti éta, eusi novél Pamanah Rasa karya Yoséph Iskandar euyeub ku ajén-ajén atikan karakter.

Yoséph Iskandar téh salaku seniman, budayawan sakaligus sastrawan Sunda kawéntar anu loba nulis ngeunaan sajarah Sunda ngaliwatan karya sastra di antarana novél (1) Perang Bubat (1998), Wastu Kancana (1989), Prabu Wangisutah (1991), Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana (1991), Putri Subanglarang (1991), Prabu Anom Jayadéwata (1996), Tri Tangtu di Bumi (1996), jeung novél Pamanah Rasa (1991) anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan. Novél Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana dilélér Hadiah Sastra Rancagé (1992), sedengkeun novél-novél lianna nu ditulis dina taun éta kénéh asup kana nominasi jeung Hadiah Sastra LBSS kaasup novél Pamanah Rasa nu ditulis dina taun 1991. Ku kituna, anjeunna geus loba méré kontribusi ka masarakat tina hasil karya-karyana anu nyaritakeun sajarah jeung kajadian ngeunaan karajaan-karajaan di tatar Sunda.

Isnendes jeung Ucu (2013, kc. 92) nétélakeun yén sifat, sikep, karakter, jeung kapribadian ngahiji dina moralitas masarakat Sunda. Karakter anu dimaksud nyaéta silih tulungan, saayana, toléran, surti, pengkuh agamana, gedé wawanénna, jeung soméah. Tapi, kiwari héngkérna karakter anu hadé ti mimiti budak nepi ka kolot geus teu anéh deui saupama dipadungdengkeun, kurangna pangaweruh ti sabudeureunana boh kulawarga boh lingkungan, sarta kamajuan téhnologi anu beuki dieu beuki maju, jadi cukang lantaran luntarna ajén moral jeung karakter nu hadé dina hirup kumbuh di masarakat, lantaran salah dina ngamangpaatkeunana ogé kurangna filterasi dina ngagunakeunana.

Ku kituna, ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas karakter papada manusa, utamana pikeun peserta didik di sakola sabab eusi dina novél Pamanah Rasa nu euyeub ku ajén-inajén nu hadé cocog dijadikeun salasahiji bahan pangajaran maca novél di SMA. Anapon pangajaran maca novél katitén dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD) di SMA kelas XI Kurikulum 2013 revisi 2017, dina Kompetensi Dasar 3.6 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novél. Ku kituna, ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran di sakola SMA sangkan siswa bisa wanoh kana karya sastra Sunda tur bisa nyangking pangaweruh sarta ngalarapkeun ajén-inajénna dina kahirupan sapopoé.

Aya sababaraha karya ilmiah dina wangun skripsi nu ngaguar ngeunaan ajén atikan karakter di Prodi Pendidikan Bahasa Sunda (PPBS) UPI di antarana (1) “Ajén Atikan Karakter dina Novél Carita Budak Minggat Karya Samsuedi Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Nisa Nurazizah taun 2016; (2) “Ajén Atikan Karakter dina Novél Putri Subanglarang Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural)” ku Citra Sela taun 2019; (3) Ajén Atikan Karakter dina Novél Dén Angor jeung Putri Monyéti Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogi) ku Tanti Hermayanti taun 2019; (4) Ajén Atikan Karakter dina Novéllet Barudak Pohaci Nawang Wulan Karya Ai Rohmawati (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Méli Nurul Maliah taun 2020; (5) “Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Novéllet Jamparing Karya Chye Retty Isnendes pikeun

Bahan Pangajaran Maca Novél Rumaja di SMP Kelas IX (Ulikan Struktural) ku Nadia Ayu Permani taun 2021. Aya ogé sababaraha jurnal nu nalungtik ngeunaan ajén atikan karakter di antarana ieu: (1) “Nilai Karakter dalam Novel Biografi Hatta: Aku Datang karena Sejarah Karya Sergius Sutanto” ku Anwar Efendi taun 2020; (2) “Nilai-nilai Pendidikan Karakter dalam Novel Ibuk Karya Iwan Setyawan” ku Cintya Nurika Irma taun 2018; (3) “Pendidikan Karakter sebagai Upaya Menciptakan Akhlak Mulia” ku Sabar Budi Raharjo taun 2010; (4) “Peran Pendidikan Karakter dalam Mengembangkan Kecerdasan Moral” ku Deny Setiawan taun 2013; (5) “Implementasi Pendidikan Karakter Bangsa dalam Pembelajaran SMA” ku Heri Supranoto taun 2015.

Sanajan geus aya panalungtikan nu medar ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter, tapi katitén tina sababaraha hasil panalungtikan nu geus aya, can aya nu husus medar ngeunaan ajén atikan karakter dina novél Pamanah Rasa, nu eusina euyeub ku ajén-ajén atikan karakter. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris diguar struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung ajén atikan karakter dina novél Pamanah Rasa karya Yoséph Iskandar pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA. Ieu panalungtikan ngagunakeun ulikan struktural. Nurutkeun Abrams, ulikan struktural nyaéta wangun pamarekan nu objéktif sabab pamarekan ieu nyawang yén karya sastra mangrupa hiji hal nu madeg mandiri. Sedengkeun nurutkeun ulikan intertekstual, euweuh hiji téks ogé anu bener-bener madeg mandiri, dina harti yén penciptaan jeung pamacaanana teu bisa dilakukeun tanpa ayana téks-teks séjén.

Sacara monumental ku ayana ieu panalungtikan dipiharep pamacana bisa ngararasakeun ni’matna karya sastra (kataji, reuseup jeung sugema) sangkan bisa dicokot élmu jeung pangaweruh anyar pikeun pamacana, ngawangun ajén kamanusaan, ngarobah karakter anu goréng dina diri, nuwuh jeung mekarkeun ajén-inajén karakter nu hadé pikeun hirup kumbuh di masarakat.

Nilik kana anu geus diébréhkeun saméméhna, sakitu réa mangpaat nu bisa kacangking ku pamaca. Ieu panalungtikan nu judulna “Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Novél Pamanah Rasa Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI SMA”, dianggap penting pikeun ditalungtik.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta pikeun leuwih museur tangtuna waé aya sababaraha masalah nu baris dirumuskeun dina ieu panalungtikan nyaéta kieu.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) nu nyangkaruk dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar?
- 2) Ajén atikan karakter naon waé nu nyampak dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di kelas XI SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngamumulé salasahiji karya sastra Sunda wangun prosa sarta ngadéskripsikeun struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar, nu tangtuna waé hasilna pikeun pieunteungeun manusa kiwari hirup kumbuh di masarakat.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih écés, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) nu nyangkaruk dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar;
- 2) ajén atikan nu nyampak dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar; sarta
- 3) larapna hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan, mekarkeun, jeung ngalarapkeun ajén-inajén karakter nu hadé pikeun nu nalungtik jeung nu

macana. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan pangajaran alternatif dina ngaapprésiasi karya sastra.

#### **1.4.2 Mangpaat Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pieunteungeun pamaca sangkan sadar pentingna mekarkeun karakter nu hadé. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA.

#### **1.4.3 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

1. pikeun panalungtik, neuleuman pangaweruh dina widang atikan jeung sastra;
2. pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi tambahan pikeun leuwih ngeuyeuban ajén-inajén karakter nu hadé;
3. pikeun masarakat, méré pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter hususna nu nyampak dina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar, pikeun bahan pieunteungeun manusa kiwari hirup kumbuh di masarakat;
4. pikeun akademisi, ieu panalungtikan mugia ngeuing kasadaran pentingna nerapkeun ajén atikan karakter di unggal pendidikan.

#### **1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pieunteungeun pikeun masarakat dina kahirupan jeung ngalarapkeun sakabéh ajén atikanna.

### **1.5 Tulisan**

Bab I, medar ngeunaan naon anu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun dina mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tirotis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina isu jeung aksi sosial. Lian ti éta dina pedaran Bab I medar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II, ngawengku tiori-tiori nu digunakeun jeung konsép anu jadi dadasar dina panalungtikan. Pedaranana ngeunaan tiori jeung konsép struktural, tiori ajén atikan karakter, tiori novél, jeung tiori bahan ajar.

Bab III, medar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV, medar hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta tiori nu digunakeun.

Bab V, medar kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.